

Pòtoprens, 4 mas 2024

NOT POU LAPRES

Kòdinasyon ANATRAF ap enfòmè kliyan li yo, manm li yo ki nan 4 kwen peyi a, patnè li yo ak tout zanmi li yo, moun nou pa rive idantifye fè piyay sou tout sa li te genyen nan biwo li ak nan santral dacha ki chita nan lokal ministè agrikilti Damyen jou vandredi ki te 1er mas 2024 la pandan yap piye ministè agrikilti a.

Aksyon sa pote ale tout pwodwi fini (konfiti, chokola, kasav, mamba, bwason alkalize..), tout matyè premyè (kakawo, alkol, sik...), tout materyèl ak entran ki te nan santral dacha (moulen, matla, frijidè/frizè, materyèl kontwòl, kapsilez, boutèy, bokal, materyèl fòmasyon elatriye). Yo pote ale tout sa ki te gen nan administrasyon an (lajan, biwo, chèz, tab, kamera, pwojekte, odinatè, enprimant, envètè, pano solè..). Sa ki pi rèd la menm pòt yo moun yo bwote. Nou pa konnen kisa ki motive aksyon sa a. .

Anatraf se pa ni yon òganis leta, ni yon biznis prive pou yon moun fè lajan. Se yon asosyasyon ki kreye pou ede peyizan yo sitou fanm kap travay nan transfòmasyon pwodwi agrikòl yo jwenn fòmasyon, entran ak materyèl pou yo travay. Li ede yo jan li kapab e li bayo ankadreman pou yo vann pwodwi yo. Kòm ministè lagrikilti te twouve ANATRAF ap fè yon bon travay, li te deside ba li apwi pou li kapab kenbe. Se nan kad apwi sa ministè agrikilti bay ANATRAF kifè li loje nan youn nan batiman ki pou ministè a. ANATRAF se yon ògan espesyalize inik nan peyi a nan kesyon transfòmasyon pwodwi agrikòl. Li travay de konsè avèk ministè a.

Kou sa di anpil pou sektè transfòmasyon an e li elimine 22 lane travay san kanpe ki te déjà fèt. Jodi a, ANATRAF lage 2 bra balanse alòske tout sa li te genyen yo ap drive nan lari san moun yo pa konn sa pou yo fè avèk yo . Nou vle fè apèl ak moun ki gen materyèl sa yo pou yo retounen yo pou nou paske yo pap ka sèvi avèk yo. Anplis se materyèl ki tap sèvi popilasyon an espesyalman moun ki pi pòv yo nan ede yo mete kanpe ti biznis ak atelye kap fè transfòmasyon pwodwi agrikòl.

Nou remesye ministè agrikilti ki te mete lokal la a dispozisyon nou depi lane 2004. Yo te pote lòt apwi ankò pou nou. Sa te pèmèt ANATRAF ofri sèvis li bay kominote a. Nou swete ke leta ap kontinye bay ANATRAF bourad pou li kapab remanbre. Nou remesye enstitisyon ak patnè nou yo ki te devlope relasyon avèk nou yon fason oubyen yon lòt. Jodia a ankò nou bezwen sipò nou pou nou kapab kontinye egziste. Pou kliyan yo, nou koube nou byen ba pou remèsye nou pou konfyans nou te mete nan ANATRAF. Nou eskize nou paske nou pa an mezi pou nou bay sèvis nan moman sa. Nou poko gen bilan pèt yo epi nou pa kapab di ki lè nap ka rebran sèvis nou te konn ofri yo.

Pou manm yo, nou konnen kijan sa difisil. Nou pèdi fwi travay nou fè pandan 22 lane. Sèl sa nou rete se konesans nou genyen nou domèn transfòmasyon pwodwi agrikòl ak kapasite nou genyen pou leve apre nou fin viktim. An nou fè konfyans, an nou kontinye travay. **Dlo a tonbe men kanari a la. Nap replen kanmènm.**

Yvon Yacinthe FAUSTIN
Kodonatè l'ANATRAF

Association Nationale des Transformateurs de Fruits (ANATRAF)

Rez-de-chaussée du Bureau Central de Recensement Général de l'Agriculture (BCRGA). Ministère de l'Agriculture des Ressources Naturelles et du Développement Rural (MARNDR). Route Nationale #1, Damien. Tel : (509) 28130874/ 3660-6356.

Mail : anatrafcommercialisation.org@gmail.com / vony09@gmail.com Site web: www.anatraf.org